




**Jwenn Enfòmasyon:
Redui Risk Ou pou Fè
Kansè nan Gwo Trip**



Redui Risk Ou pou Fè Kansè nan Gwo Trip

Kisa yo Rele Kansè nan Gwo Trip la?

Kansè nan gwo trip la (oswa kansè kolorektal) rive nan gwo trip la (kolon an) oswa nan dènye bout gwo trip la. Bondye fè, lè ou fè depistaj regilyèman sa ka ede anpeche li oswa jwenn li bonè, lè tretman an souvan pi byen mache. Gen plizyè metòd pou fè depistaj kansè nan gwo trip. Kolonoskopi yo pèmèt pwofesyonèl medikal yo detekte epi wete polip yo (chè yo) nan gwo trip la oswa nan dènye bout gwo trip la pou ede anpeche kansè. Gen lòt metòd (paregzanz, tès matyè fekal) ki egzije yon kolonoskopi kòm suivi pou moun ki gen depistaj pozitif.



Siy yo ak Sentòm yo

Pami sentòm kansè nan gwo trip yo gen san nan matyè fekal la oswa nan dènye bout gwo trip la, pèt pwa, ak dyare oswa konstipasyon ki pa ale. Moun ki gen kansè nan gwo trip souvan pa gen siy touswit; ou dwe fè depistaj menm si ou santi ou an sante.



Faktè Risk yo

Ou gen dwa gen pi gwo risk si ou gen:

- Moun nan fanmi ou ki te gen kansè nan gwo trip oswa polip ki gen dwa vin kansè
- Polipoz rektokolik familyal (Familial adenomatous polyposis, FAP) oswa kansè kolorektal ereditè san polipoz (hereditary nonpolyposis colorectal cancer, HNPCC), ki rele tou sendwòm Lynch
- Anflamasyon avèk ilsè nan gwo trip oswa maladi Crohn

Si ou gen kèlkeswa nan faktè risk sa yo, pale avèk pwofesyonèl medikal ou. Ou gen dwa bezwen kòmanse fè depistaj bonè.



Si ou pa gen asirans, ou gen dwa kalifye pou enskri pou asirans gratis oswa bon mache. Rele 347-665-0214 oswa voye tèks "**COVEREDNYC**" nan 55676 pou resevwa èd gratis pou enskri. Pou jwenn plis enfòmasyon sou depistaj gratis oswa bon mache, ale sou **nyc.gov/health/coloncancer** epi klike sou meni pou dewoule "Payment" la (Peman).



Tès Depistaj yo

Gen plizyè metòd pou fè depistaj kansè nan gwo trip, sa gen ladan tès vizyèl ak tès matyè fekal. Tès ki nan lis ki pi ba a epi ki gen zetwal (*) akote yo egzije kolonoskopi kòm **suivi rapid** pou moun ki gen depistaj pozitif.



Tès vizyèl yo chèche tisi anòmal nan gwo trip la oswa nan dènye bout gwo trip la:

- **Kolonoskopi**
- **Egzamen dènye bout gwo trip la grasa sonn fleksib***
- **Kolonoskopi grasa eskanografi (Computerized tomography, CT)***



Tès matyè fekal yo chèche siy kansè nan matyè fekal la:

- **Tès iminochimik fekal (fecal immunochemical test, FIT)***
- **Tès rechèch trè sansib san kache nan matyè fekal avèk gayak (high-sensitivity guaiac-based fecal occult blood test, HSgFOBT)***
- **Tès ADN avèk plizyè sib nan matyè fekal (FIT-DNA)***

Pou jwenn plis enfòmasyon sou opsyon depistaj sa yo, ale sou nyc.gov/health epi chèche "**colon cancer screening**" (depistaj kansè nan gwo trip).

Kesyon Moun Poze Souvan

Kilè pou mwen kòmanse fè depistaj kansè nan gwo trip?

Pale ak pwofesyonèl medikal ou osijè risk ou.

Gen anpil moun ki ta dwe kòmanse fè depistaj la a laj 45 an. Moun ki gen pi gwo risk yo gen dwa bezwen kòmanse pi bonè.

Mwen santi mwen an sante. Èske mwen dwe fè depistaj la kanmenm?

Kansè nan gwo trip la gen dwa pa bay sentòm touswit. Menm si ou santi ou an sante ou dwe fè depistaj la. Lè yo jwenn epi wete polip yo bonè sa ka ede evite kansè nan gwo trip.

Ki tès depistaj ki pi bon?

Chak depistaj gen avantaj ak risk pa li. Mande pwofesyonèl medikal ou ki opsyon ou genyen pou w ka konnen ki tès ki reponn bezwen ou yo.

Kisa k ap rive apre tès la?

Sonje fè suivi. Mande pwofesyonè medikal ou kilè pou w fè pwochen depistaj pou kansè nan gwo trip la.

Èske asirans mwen an ap kouvri depistaj la?

Pifò plan asirans yo, sa gen ladan Medicaid ak Medicare, kouvri depistaj kansè nan gwo trip kòmanse a laj 45 an pou moun ki gen risk mwayen, epi pi bonè pou moun ki kalifye yo. Men, pwoteksyon an ka varye. Verifye avèk pwofesyonèl medikal ou ak konpayi asirans ou kisa ki kouvri anvan ou fè tès depistaj ou a.



Lòt Fason pou Redui Risk Ou:

- Kenbe yon pwa ki bon pou lasante epi mete aktivite nan kò ou.
- Manje mwens vyann transfòme (tankou bekonn, òtdòg oswa vyann pou sandwich).
- Si ou fimen, planifye kite. Pou jwenn èd pou kite, rele **311** oswa ale sou **nyc.gov/nycquits**.
- Si ou bwè sa gen dwa ogmante risk ou pou fè kansè nan gwo trip. Ale sou **nyc.gov/health** epi chèche "**alcohol and health**" (alkòl ak lasante) pou jwenn plis enfòmasyon.

Lòt Enfòmasyon

Ale sou **nyc.gov/health/coloncancer**

American Cancer Society:

cancer.org/cancer/colon-rectal-cancer

Sant pou Kontwòl ak Prevansyon Maladi:

cdc.gov/cancer/colorectal

Enstiti Nasyonal kont Kansè:

cancer.gov/types/colorectal

Depatman Sante Eta New York:

health.ny.gov/diseases/cancer/colorectal

